

KESYON MOUN POZE SOUVAN: FAYIT

Access Justice Brooklyn ap ede moun k ap viv a 200% nivo povrete federal la oswa pi ba, pou yo depoze yon dosye Fayit selon "Chapit 7" la. Men kèk kesyon moun konn poze souvan:

Chapit 7: Soumisyon endividyle, dèt la ranbouse – se sèl kalite soumisyon ki nan Access Justice Brooklyn nan

Chapit 13: Soumisyon endividyle, dèt la restriktire (yo souvan fè sa pou sove yon kay)

Chapit 11: Soumisyon bilan antrepriz la, dèt la restriktire.

Mwen te deklare mwen fè fayit sa gen 5 lane daprè Chapit 7 la – èske mwen ka soumèt ankò?

Non, ou ka depoze yon dosye fayit daprè Chapit 7 la yon fwa chak uit lane.

Mwen gen yon kay – èske mwen ka deklare fayit?

Sa depannde si w ap viv nan kay la ak ki kantite kapital ou genyen ladan l. Si kay la se rezidans prensipal ou epi ou gen yon kapital ki mwens pase \$179,975. Lè sa a, ou ka gen anpil chans kenbe kay la kòm yon egzanpsyon selon kòd fayit la.

Mwen dwe IRS anpil lajan taks – èske se yon dèt ki liberab (yo ka efase)?

Anjeneral, non - pifò dèt fiskal yo pa liberab, sof si li se enpo sou revni, ki gen plis pase twa (3) lane, ki te depoze alè epi ki pa gen fwod ladan l. Dèt ki pa liberab yo se dèt yo dwe minisipalite yo (egzanp: tikè pakin, amann peyaj), pifò prè etidyan yo, sipò pou timoun, pansyon alimantè, amann tribinal ak dedomajman pou enfraksyon penal.

Dèt ki liberab yo se dèt kat kredi, prè otomobil, prè pèsonèl, dèt medikal ak dèt pou yon patikilye.

Si w gen ni dèt ki liberab ak dèt ki pa liberab, lè sa a ou ka toujou mande aplikasyon Chapit 7 la epi sèlman dèt ki liberab la ap efase.

Èske mwen ka konsève byen mwen yo si mwen fè fayit?

Wi, ou ka konsève epi ekzonere anpil bagay pèsonèl selon kòd fayit la, tankou yon telefòn pòtab, yon laptop, yon televizyon, mèb, rad, elatriye.

Mwen te panse travay ak yon konpayi regleman dèt olye pou mwen deklare fayit. Ki jan sa a mache ekzakteman?

Konpayi regleman dèt yo fè moun peye yon frè inisyal ki wo anpil pou sèvis yo, epi gen kèk nan yo ki se eskwokri. Konpayi sa yo tou konseye moun yo sispann peye bòdwo yo sa ki pral deranje nan pwen kredi yo oswa pwovoke pou suit lajistis.

M ap tann yon eritaj – èske mwen ta dwe deklare fayit?

Pwobableman non - depi ou depoze rekèt selon Chapit 7 la, yon eritaj se yon byen ki vin fè pati mas fayit la epi yo ta dwe itilize yo pou peye kreyansye yo.



Access Justice Brooklyn
203 Jay Street, Suite 300, Brooklyn, NY 11201
(718) 624-3894 | help@accessjusticebk.org
www.accessjusticebrooklyn.org